

Deklarasyon dwa paran yo

pou moun k ap aprann Anglè oswa plizyè lang

Bouyon

DEPATMANEDIKASYONETACONNECTICUT

Dapre [P.A.23-150 Seksyon 17](#), Konsèy Edikasyon Leta a dwe ekri yon deklarasyon sou dwa alekri pou paran oswa responsab legal elèv k ap aprann plizyè lang pou garanti dwa paran ak elèv sa yo byen sere epi pwoteje nan dispozisyon edikasyon bileng dapre Chapit 164 lwa jeneral yo ak pataj Deklarasyon Dwa sa a nan lang dominan paran yo oswa responsab legal yo.

Sa a vle di, dapre P.A.23-150 Seksyon 17, Konsèy Edikasyon Leta a pral kreye yon lis dwa ki klè pou paran oswa responsab legal elèv k ap aprann plizyè lang yo. Lis sa a pral asire dwa paran ak elèv sa yo an sekirite epi pwoteje lè yo resevwa edikasyon bileng jan sa a dekri nan Chapit 164 Lwa Jeneral Connecticut (C.G.S.) yo. Y ap bay paran oswa responsab legal yo lis dwa yo nan lang yo konprann pi byen an.

Pou ane lekòl k ap kòmanse 1ye jiyè 2024 la ak chak ane lekòl apre dat sa a, chak konsèy edikasyon lokal ak reyjonal ki bay yon pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon nouvo lang dwe:

1. Bay paran ak responsab legal elèv ki kalifye yo yon kopi deklarasyon dwa elèv k ap aprann plizyè lang yo nan lang dominan paran ak responsab legal sa yo; epi
2. Mete kopi deklarasyon dwa elèv k ap aprann plizyè lang sa yo disponib sou sit Entènèt konsèy sa a.

Sa a vle di apati 1ye jiyè 2024 ak nan ane ki vin apre yo, chak konsèy edikasyon lokal ak reyjonal ki ofri edikasyon bileng oswa pwogram Anglè kòm yon nouvo lang dwe:

1. Bay paran ak responsab legal elèv ki kalifye yo yon kopi deklarasyon dwa elèv k ap aprann plizyè lang yo nan lang yo konprann pi byen an.
2. Mete kopi deklarasyon moun k ap aprann plizyè lang sa a disponib sou sit Entènèt konsèy la.

Sa yo se deklarasyon yo nan Deklarasyon dwa pou elèv k ap aprann Anglè oswa plizyè lang

1. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou l ale nan yon lekòl publik nan eta a kélkeswa sitiayson imigrasyon elèv sa a oswa sitiayson imigrasyon paran oswa responsab legal elèv sa a.

Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa yon moun ki pale plizyè lang gen dwa ale nan yon lekòl publik nan eta a, menm si elèv sa a oswa paran/responsab legal yo se imigran.

2. Dwa yon paran oswa responsab legal yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou enskri elèv sa a nan yon lekòl publik san yo pa oblige soumèt dokiman imigrasyon, ki gen ladan, men ki pa sèlman, yon nimewo Sekirite Sosyal, dokiman viza oswa prèv sitwayènte.

Sa a vle di yon paran oswa responsab legal yon elèv k ap aprann anglè oswa ki pale plizyè lang kapab enskri ptit yo nan yon lekòl publik san yo pa bezwen bay okenn dokiman imigrasyon tankou nimewo Sekirite Sosyal, papye viza oswa prèv yo se sitwayen.

3. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou gen sèvis tradiksyon (A) yon entèprèt ki preznan an pèsòn oswa ki disponib pa telefòn oswa atravè yon platfòm teknoloji sou entènèt, oswa (B) atravè yon sit entènèt oswa lòt aplikasyon elektwonik ki apwouve pa Komisyon Konsèy Edikasyon Eta a, pandan entèraksyon kritik ak pwofesè yo ak administratè yo, ki gen ladan, men ki pa sèlman, konferans paran pwofesè yo, reyinyon ak administratè lekòl kote elèv sa a ye a epi nan reyinyon regilye oswa espesyal konsèy edikasyon oswa reyinyon ki pwogramme avèk yon manm oswa plizyè manm konsèy edikasyon ki responsab pou fè ledikasyon elèv sa a, dapre Seksyon 18 Lwa sa a.

Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang gen dwa pou jwenn èd ak tradiksyon pandan reyinyon enpòtan ki enplike edikasyon elèv yo. Èd sa a ka soti nan men yon entèprèt an pèsòn, nan telefòn oswa atravè yon òdinatè. Sa a se pou ti chita pale enpòtan ak pwofesè ak lidè lekòl yo, tankou reyinyon paran-pwofesè oswa reyinyon ak administratè lekòl la. Se sa a yon seksyon espesifik nan lalwa ki rele seksyon 18 nan Lwa sa a prevwa.

2 Deklarasyon Dwa Paran pou Moun k ap aprann Anglè oswa plizyè lang

4. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou patisipe nan yon pwogram edikasyon bileng konsèy edikasyon lokal oswa reyjonal la ofri lè gen ven oswa plis elèv ki kalifye kòm dominan nan yon lang, ki pa anglè, an akò ak dispozisyon ki nan Seksyon 10-17f nan C.G.S.

Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang gen dwa pou l rantre nan yon pwogram edikasyon bileng si yo mande youn nan lekòl la. Sa a baze sou règ ki nan Seksyon 10-17f C.G.S.

5. Dwa paran oswa responsab legal yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou resevwa avi alekri, nan lang anglè ak nan lang dominan paran oswa responsab legal sa a, pou elèv sa a kalifye pou patisipe nan yon pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon Nouvo pwogram lang konsèy lokal oswa reyjonal edikasyon an ofri.

Sa a vle di yon paran oswa responsab legal yon elèv k ap aprann anglè oswa ki pale plizyè lang gen dwa pou l resevwa yon avi alekri nan lang anglè ak nan lang yo pi bon ladan l nan pou di yo pitit yo ka antre nan yon pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon nouvo lang distri a ofri.

6. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang ak paran oswa responsab legal elèv sa a pou resevwa yon sesyon oryantasyon kalite siperyè, nan lang dominan elèv sa a ak paran oswa responsab legal sa a, nan men konsèy edikasyon lokal oswa reyjonal la ki bay enfòmasyon ki gen rapò ak estanda eta a, tès ak atant nan lekòl la pou elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang yo, ansanm ak objektif ak egzijans pou pwogram edikasyon bileng ak anglè kòm yon nouvo lang, anvan yo patisipe nan pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon nouvo lang sa a.

Sa a vle di elèv k ap aprann Anglè yo ak paran yo oswa responsab legal yo gen dwa pou yo patisipe nan yon reyinyon ki itil yo nan lang yo pi bon an. Konsèy lekòl lokal la pral organize reyinyon sa a epi li pral ba yo enfòmasyon sou estanda eta a, tès yo ak sa yo atann nan lekòl la pou elèv k ap aprann anglè oswa ki pale plizyè lang yo. Yo pral aprann tou sou objektif ak règ pou pwogram edikasyon bileng ak Anglè kòm yon nouvo lang anvan yo rantre nan pwogram sa yo.

7. Dwa paran oswa responsab legal yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou resevwa enfòmasyon sou pwogrè developman ak akizisyon lang anglè elèv sa a.

Sa a vle di yon paran oswa responsab legal yon elèv ki ap aprann anglè oswa ki pale plizyè lang gen dwa pou jwenn mizajou ak enfòmasyon sou kijan pitit yo ap travay nan amelyore konpetans yo nan lang Anglè.

8. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang ak paran oswa responsab legal elèv sa a pou rankontre ak pèsonèl lekòl la pou diskite sou developman ak akizisyon lang anglè elèv sa a.

Sa a vle di elèv k ap aprann Anglè oswa ki pale plizyè lang ak paran yo oswa responsab legal yo gen dwa pou rankontre ak estaf lekòl la pou konnen kijan elèv la ap vanse nan aprann anglè epi nan amelyore konpetans yo nan lang la.

9. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou yo nan yon pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon nouvo lang, si konsèy edikasyon lokal oswa reyjonal la ofri sa a.

Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang gen dwa pou l rantre nan yon pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon nouvo lang si konsèy lekòl lokal la ofri sa a.

10. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou gen aksè egal ak tout pwogram lekòl la nan nivo klas yo.

Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang gen dwa pou l jwenn menm opòtinité pou patisipe nan tout aktivite lekòl yo pou nivo klas yo.

11. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou gen aksè egal ak tout matyè bazik nan nivo klas yo.

Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang gen dwa aprann tout matyè enpòtan yo nan nivo klas yo, menm jan ak lòt elèv yo.

12. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou l resevwa tès konpetans nan lang chak ane.

Sa a vle di yon moun k ap aprann anglè oswa yon moun ki pale plizyè lang gen dwa pou yo pran yon tès lang chak ane pou wè ki jan y ap vanse nan konpetans lang yo.



3 Deklarasyon Dwa Paran pou Moun k ap aprann Anglè oswa plizyè lang

13. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou resevwa sèvis sipò ki ann amoni ak nenpòt plan entèvansyon lekòl la oswa distri lekòl la bay pou tout elèv yo.

Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang gen dwa pou jwenn èd siplemantè (atravè entèvansyon) ki koresponn ak plan lekòl la oswa distri lekòl la itilize pou ede tout elèv yo.

14. Dwa yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou l'enskri kontinyèlman e chak ane nan yon pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon nouvo lang pandan elèv sa a rete yon elèv ki kalifye, jan sa a defini nan seksyon 10-17e lwa jeneral yo.

Sa a vle di yon elèv k ap aprann anglè oswa yon moun ki pale plizyè lang ka rete nan yon pwogram edikasyon bileng oswa anglè kòm yon nouvo lang chak ane depi yo toujou kalifye, jan yo eksplike sa a nan Seksyon 10-17e C.G.S.

15. Dwa yon paran oswa responsab legal yon elèv k ap aprann anglè oswa plizyè lang pou kontakte Depatman Edikasyon Eta Connecticut ak nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan dwa elèv sa a pou resevwa sèvis pou elèv k ap aprann plizyè lang oswa akomodasyon ki disponib pou elèv sa a oswa paran oswa responsab legal sa a, ki gen ladan enfòmasyon konsènan nenpòt rekou pou konsèy edikasyon an pa bay oswa pa asire sèvis oswa aranjman sa yo.

Sa a vle di yon paran oswa responsab legal yon elèv k ap aprann anglè oswa yon elèv ki pale plizyè lang ka kontakte Depatman Edikasyon Eta Connecticut la si yo gen kesyon oswa enkyetid konsènan dwa pitit yo genyen pou jwenn sèvis oswa èd pou aprann lang. Sa a gen ladann chèche konnen kisa yo ka fè si konsèy lekòl la pa bay sèvis oswa èd yo ta dwe bay yo.